

**Legendha Jeneng Desa ing
Kecamatan Jogoroto**
Kabupaten Jombang (Tintingan Struktur, Fungsi, lan Nilai Budaya)

Zuhriyah Pratiwi
Pendidikan Bahasa Daerah, FBS, UNESA (zuhriyahp@gmail.com)

Abstrak

Kecamatan Jogoroto minangka salah sawijine kecamatan kang manggon ing Kabupaten Jombang. Kecamatan Jogoroto nduweni suwelas desa kang bisa dihudhah kepriye crita asal-usule amarga durung ana kang tau nliti babagan iki. Kecamatan iki minangka salah sawijine kecamatan kang kawentar babagan agamane utamane agama Islam. Durung ana panliten khusus ngenani crita asal-usul jeneng desa ing Kecamatan Jogoroto. Amung sithik para muda kang mangerten. Kahanan iki ndadekake salah sijine alesan kanggo panliten ngenani legenda ing dhaerah Kecamatan Jogoroto, lan uga usaha kanggo ndhokumentasikake crita asal jeneng desa utawa legendha ing Kecamatan Jogoroto minangka aseting budaya dhaerah ing Indonesia mligine kutha Jombang.

Underaning panliten sajroning panliten iki yaiku : (1) Kepriye mula bukane jeneng-jeneng desa ing Kecamatan Jogoroto Kabupaten Jombang? (2) Kepriye struktur crita asal-usul jeneng desa ing kecamatan Jogoroto kang nduweni unsur Legenda? (3) Apa wae fungsi crita asal-usul jeneng desa ing Kecamatan Jogoroto Kabupaten Jombang? (4) Kepriye nilai budaya kang ana ing sajrone crita asal-usul jeneng desa ing Kecamatan Jogoroto Kabupaten Jombang? lan (5) Kepriye panemune masyarakat tumrap crita asal-usul ing desane ing Kecamatan Jogoroto Kabupaten Jombang?

Tujuwaning panliten iki ana loro yaiku tujuwan umum lan tujuwan khusus. Tujuwan umum kanggo menehi gegambaran asal-usul jeneng desa ing Kecamatan Jogoroto Kabupaten Jombang kang dijupuk saka crita rakyat supaya crita kasebut tetep dieling-eling dening *generasi* panerus ing wujud lisan uga tinulis. Tujuwan khusus yaiku: (1) Ngandharake mula bukane jeneng-jeneng desa ing Kecamatan Jogoroto Kabupaten Jombang; (2) Ngandharake struktur crita asal-usul jeneng desa ing kecamatan Jogoroto kang nduweni unsur Legenda; (3) Ngandharake fungsi crita asal-usul jeneng desa ing Kecamatan Jogoroto Kabupaten Jombang; (4) Ngandharake nilai budaya sajroning crita asal-usul jeneng desa ing Kecamatan Jogoroto Kabupaten Jombang; lan (5) Ngandharake panemune masyarakat tumrap crita asal-usul jeneng desa ing Kecamatan Jogoroto Kabupaten Jombang

Paedah panliten iki kaperang dadi loro, yaiku paedah teoritis lan paedah praktis. Paedah teoritis ing panliten iki diajab bisa nambahi *inventaris* budaya babagan crita rakyat kang ana ing satengahe masyarakat utamane masyarakat ing Kecamatan Jogoroto Kabupaten Jombang. Kanthi paedah praktis asil panliten iki yaiku: (1) Panliten iki bisa menehi sumbangan wawasan ngenani sastra lisan kanggo pamaos, utamane mahasiswa bidhang sastra; (2) Bisa digunakake minangka kawruh lan informasi babagan asal-usul jeneng desa ing Kecamatan Jogoroto Kabupaten Jombang; lan (3) Supaya bisa nambah panguri-uri anane kabudayan Jawa ing satengahe globalisasi tumrap *generasi* nom-noman mligine, lan bebrayan agung umume.

Teori kang digunakake ing kene yaiku nganggo teori kabudayan Koentjaraningrat lan teori sastra lisan pamawase Hutomo. Dene struktur naratif kang digunakake sajrone panliten iki yaiku struktur naratif pamawase Maranda, lan uga nilai budaya miturut pamawase Djamaris.

Panliten iki nggunakake rancangan metode deskriptif kualitatif. Panliten iki nduweni obyek crita rakyat legendha desa ing Kecamatan Jogoroto asiling wawancara saka narasumber kanthi cara kuesioner lan wawancara langsung. Data ing panliten iki dikumpulake kanthi cara teknik wacan, nyathet lan metode kapustakan. Ing babagan tatacara pangolahing data, panliten iki nggunakake pendekatan kualitatif.

Asil panliten iki nuduhake anane aspek perangan fungsi lan uga nilai budaya ing legendha asal-usul desa iki. Fungsi-fungsine legendha asal-usul desa ing kecamatan Jogoroto miturut Hutomo kang ana ing kene yaiku fungsi crita minangka sistem proyeksi lan minangka sarana pendhidhikan tumrap anak. Dene nilai budaya kang ana sajrone legendha asal-usul desa ing kene uga ditemokake adhedhasar nilai kabudayan Djamaris kang diandharake dadi limang perangan yaiku: (1) nilai budaya gegayutan antarane manungsa karo Gustine; (2) nilai budaya gegayutan antarane manungsa karo jagad; (3) nilai budaya gegayutan antarane manungsa karo manungsa liyane utawa minangka makhluk sosial; (4) nilai budaya gegayutanane manungsa karo masyarakat; (5) nilai budaya gegayutan antarane manungsa karo awake dhewe kayata kahanan uripe dhewe.

Panemune warga asil saka wawancara ngandharake yen warga isih ana kang nuduhake rasa wigatine. Senajan ana saperangan warga kang rumangsa ora perlu yen sejarah desane perlu dijaga amarga mbuwag wektu lan ora ana kanggone, nanging isih ana saperangan gedhe warga kang menehi respon positip utawa pamawas becik, sarujuk, lan melu njaga eksistensine legendha desane minangka aset budaya lokal lan minangka piwulang kanggo generasi ing dina tembe.

A. PURWAKA

Kabudayan minangka *identitas* sawijining bangsa. Saben bangsa nduweni kabudayan kang maneka werna. Salah sijine bangsa Indonesia. Kabudayan ing Indonesia dumadi saka pirang-pirang kabudayan, ing antarane kabudayan dhaerah, kabudayan lokal, lan kabudayan nasional. Kabudayan nasional mujudake kabudayan kang awujud kabudayan-kabudayan dhaerah kang ana ing Indonesia. Kabudayan dhaerah iku mujudake kabudayan kang diduweni dhaerah-dhaerah tartamtu, kang bisa diarani kabudayan lokal yaiku kayadene kabudayan Jawa kang wujude maneka warna.

Sawijining asiling kabudayan kang isih urip lan ngrembaka ing bebrayan agung Indonesia yaiku sastra lisan. Ing Hutomo (1991: 1) ngandharakae sastra lisan yaiku kasusastran kang kang nyakup *ekspresi* kasusastran sawijining warga ing sawijining kabudayan kang disebarake kanthi tumurun lan kanti cara lisan. Sastra lisan ing umume lan crita lisan mligine minangka warisan kabudayan nasional kang isih nduweni nile-nile dhuwur kang isih kudu bisa luwih ngrembaka lan dimanfaatake kanggo urip saiki lan ing dina tembe (Tirtawidjaya, 1979: 2).

Hutomo (1991:3-4) merang sastra lisan dadi rong werna yaiku sastra lisan primer lan sastra lisan sekunder. Ciri pangenal utama sastra lisan primer yaiku: 1) ngrembakane saka lisan, tegese ekspresi budaya kang digetok tularake, saka segi wayah utawa panggon yaiku lantaran lisan, 2) lair saka masyarakat kang isih nduweni corak desa, masyarakat sanjabane kutha, utawa masyarakat kang durung kenal aksara, 3) nggambarkake ciri-ciri budaya sawijine masyarakat, 4) ora dimangertenin sapa pangriptane saengga didaku duweke bebrayan agung, 5) nduweni corak puitis, tratur, lan tansah mangulang-ulang, 6) ora mentingake fakta lan bebenere, 7) nduweni saperangan versi, 8) basane nggunakake gaya basa lisan.

Sajrone sastra lisan ana kang diarani crita rakyat. Crita rakyat minangka perangan saka sastra lisan, yaiku kasusastran kang isine ngandhut ekspresi kasusastran rakyat kang dicritakake saka lisan siji lan sijine(*dari mulut ke mulut*) (Hutomo: 1991:1)

Crita rakyat lair, urip, lan ngrembaka ing masyarakat kanthi wujud lisan, turun-tumurun saka *generasi ke generasi*. Crita kasebut nyaritakake prastawa kang wis kedaden utawa dipitayani tau kedaden ing sawijine panggon crita kasebut lair. Kedadeyan-kedadeyan kang wis kedaden lan dianggep wigati dening masyarakat iki banjur dieling-eling kanthi wujud jeneng utawa aran, bisa aran barang, panggon, lan uga

manungsa. Sakabehing jeneng utawa aran kasebut nduweni makna, senajan nduweni asal lan motif utawa tujuwan kang sejahe, ana kang nduweni tujuwan minangka piweling anane kedadeyan, pangarep-arep, utawa bisa uga mung minangka tandha (Suyono, 1990: 123).

Kecamatan Jogoroto minangka salah sawijine kecamatan kang manggon ing Kabupaten Jombang. Dhaerah iki ana ing pinggir wetan kutha Jombang nduweni sawijining unsur budaya arupa sastra lisan yaiku legendha.

Legendha kasebut umume ana mung crita lisan wae. Sastra lisan kaebut dimangertenin lan sinimpen ana ing *memori* para sepuh kang cacahé saya entek. Pranyatan kaya mengkono njalari wigati anggone *ndhokumentasikake* crita rakyat kasebut saengga ora ilang amarga sastra lisan dhewe nduweni pigunan minangka *identitas* lan *ciri pengenal* sawijining dhaerah.

Ana saperangan legendha kang isih diugemi lan dipitayani bebrayan ing kono salah sijine yaiku legendha asale jeneng utawa arane panggon ing Kecamatan Jogoroto. Desa kang nduweni legendha asal-usul jenenge yaiku sakabehe desa ing Kecamatan Jogoroto, yaiku: Desa Jogoroto, Sawiji, Mayangan, Sumbermulyo, Ngumpul, Tambar, Janti, jarak Kulon, Sambirejo, Sukosari, lan Alang-alang Caruban.

Masyarakat ing Kecamatan Jogoroto isih migatekake lan ngleluri budaya lan uga *fakta sejarah* kang nduweni gayutan karo crita ing desane, kabukti saka anane saperangan desa kang isih ngeramatake sawenehing panggon utawa barang tinggalan biyen. Kecamatan Jogoroto dhewe minangka salah siji kecamatan ing kabupaten Jombang kang nduweni aspek religius kuwat, nanging uga isih ngugemi kabudayan tradisional, mligine Jawa.

Durung ana panliten khusus ngenani crita asal-usul jeneng desa ing Kecamatan Jogoroto. Crita-crita iki amung kasimpen ana ing *memori* para sepuh desa, saengga wis sithik para muda kang mangertenin. Kahanan iki ndadekake salah sijine alesan panlitin nganakake panliten ngenani legenda ing dhaerah Kecamatan Jogoroto, lan uga usaha kanggo ndhokumentasikake crita asal jeneng desa utawa legendha ing Kecamatan Jogoroto minangka aseting budaya dhaerah ing Indonesia mligine kutha Jombang.

B. METODHE

Metode kang digunakake ing panliten iki yaiku metode deskriptif kanthi *pendekatan* kualitatif. Panliten kualitatif yaiku panliten kang ngasilake prosedur analisis

kang ora nggunakake prosedur analisis statistik utawa bisa diarani cara kuantitatif liyane (Moleong, 2009:6).

Panliten tumrap jeneng desa ing Kecamatan Jogoroto Kabupaten Jombang iki asipat deskriptif kualitatif, karepe yaiku luwih nengenake asil, lan asil saka panliten iki arupa tulisan crita asal-usul jeneng desa ing Kecamatan Jogoroto sajrone kajian struktur, fungsi, lan nile budaya. Data kang dilumpukake ora mung arupa angka-angka. Panliten iki diayahi adhedhasar *fakta uga fenomena* kang wis ana, kang bisa uga sacara *empiris* wis ana ing satengahe masyarakat saengga diasilake arupa teks-teks lisan crita asal-usul jeneng desa ing Kecamatan Jogoroto Kabupaten Jombang.

Tujuwan metode deskriptif yaiku nggambarkerake secara trep sipat-sipate sawijining individu, utawa *gejala-gejala* kang wis kedaden lan menehi gegambaran samubarang kanthi tliti.

C. A. ANDHARAN

1. 1. Gegambarane Kecamatan Jogoroto

Kecamatan Jogoroto nduweni 48 dhusun kang sinebar ana ing 11 desa. Nduweni amba wilayah 28,41 Km². Jarak paling adoh saka punjering pamrentah Kabupaten Jombang ± 7km. Kanthi dhuwur kang rata-rata ± 44km saka dhuwuring segara. Kecamatan Jogoroto iki dumadi saka 11 desa, yaiku desa Jogoroto, Sawiji, Mayangan, Sumbermulyo, Ngumpul, Tambar, Janti, jarak Kulon, Sambirejo, Sukosari, lan Alang-alang Caruban. Wilayah kecamatan Jogoroto wewatesan karo kecamatan Peterongan lan Sumobito ing sisih Lor, kecamatan Mojoagung lan Mojowarno ing sisih wetan, kecamatan Jombang lan Diwek ing sisih kulon lan kecamatan Mojowarno lan Diwek ing sisih Kidul. Jarak antarane kantor kecamatan karo kantor desa kang paling adoh yaiku 8km 25 menit, antarane kantor kecamatan karo kantor kabupaten yaiku 25km 5 jam, lan antarane kantor kecamatan karo kantor gubernuran yaiku 80km 2 jam.

Kecamatan Jogoroto nduweni luas wilayah 2.727 ha kang kaperang dadi lemah sawah 1.794,55 ha; lemah tegal 12,40 ha; lemah *kering* (pekarangan lan bangunan) 965,73 ha. Dene wujuding wilayah kecamatan Jogoroto yen ditliti saka kamiringane yen datar nganti ngombak yaiku 44%, banjur yen ngombak nganti awujud bukit yaiku 56%.

Kecamatan Jogoroto diliwati kali yaiku kali Jogoroto kang kerep ngalami banjir yen saben mangsa rendheng gedhe. Saliyane kali, kecamatan kasebut uga diliwati dalan sepur ing satengahe desa Sumbermulyo. Anane kali dimanfaatake dening masyarakat kanggo sarana irigasi nalika para tani padha olah tetanen. Sawah ing kang digarap mujudake sawah tadauh udan, mula nalika udane ora sepira gedhe, masyarakat manfaatake wadhus lan kali minangka sarana irigasi. Sawah-sawah

kang manfaatake miline kali kanggo banyu kayata sawah ing desa Alang-alang Caruban, Njarak Kulon, Sawiji, Sambirejo, lan Sukosari. Bab kasebut ditindakake minangka sarana kreatif supaya tandurane bisa ngundhuh lan asile tikel.

2. Legendha Asal-usul Jeneng Desa

Ana ing kene dijilentrehake ngenani kutipan crita asal-usul jeneng desa ing Kecamatan Jogoroto Kabupaten Jombang. Anggone ngutip amung saperangan amarga mligi ing perangan kang dadi punjere crita, dadi ora kabeh asling wawancara ang utuh ditulisake ing kene. Liyane bakal bisa dideleng ing lampiran, dene ana kutipan kang nyamtumake crita kanthi utuh, iku mono tegese sakabehe crita nduweni gayutan utuh lan wigati kanggo didadekake punjer ing kutipan kasebut. Ing gisor iki diandharake dhata ngenan profil desa lan kutipan crita asal-usul desa ing kecamatan Jogoroto:

(a) Desa Tambar

Jeneng desa Tambar iku asale saka anane kedadeyan utawa prastawa urip kang dialami wargane nalika jaman semana yaiku ngenani sawijine dhaerah kang nduweni jeneng ora lumrah, tur wargane kang nduweni wateg kurang apik, nalikane ana pawongan kang lagi ngumbara takon marang salah sijine warga ing kono lan lara ati amarga rumangsa wargane olehe mangsuli kasar. Pangumbara kasebut banjur mangkel lan arep mateni warga kasebut, nanging malah dheweke sing tumekaning pati. Banjur ana pawongan jubah putih kang nglurusake lan menehi jeneng desa kasebut dadi Desa Tambar. Crita kang dituturake dening narasumber kalebu crita kang pepak lan runtut, mula panliti bisa gampang anggone nliti lan nganalisis. Ana ing desa Tambar dhewe masyarakat uga isih mitayani lan ngugemi apa kang wis dadi tinggalane para sepuhe biyen ngenani asal-usul desa Tambar iki kayata njaga karukunan antar warga lan wong liya minangka pendatang ing desa Tambar.

(b) Desa Janti

Desa Janti wiwitane diarani desa Yanti. Mula buka crita yaiku ana salah sawijine patih saka kraton Majapahit kang lagi golek papan panggonan kanggo tapa brata. Nalika kecamatan panggone desa yanti dipindah saka kecamatan Peterongan dadi melu Jogoroto, sanalika iku ing taun 1984 jeneng desa Yanti uga diganti dadi Janti dening Lurah minangka usulane sekretaris desa. Anane ganti jeneng iki ora ndadekake para warga lali marang Mbah Yanti kang tau mbabat alas iki nanging nduweni tujuwan supaya desa Janti bisa maju ekonomi lan usaha cilike kaya ing Desa Janti kang ana ing kutha Sidoarjo.

(c) Desa Jarak Kulon

Ing sawijining dina banjur ana pawongan pangumbara teka saka dhaerah kang adoh. Ora ana sing mangerten iku saka dhaerah kang adoh. Wong kasebut tekane ora dhewe, nanging dikancani karo adhine. Sakloron iku banjur merang garapan. Kangmase mbabat alas ing dhaerah kulon, ing dhaerah kang cedhak karo kali, banjur adhine mbabat alas ing sisih wetan kang akeh wohe wit jarak. Banjur dhaerah kasebut dijenengna desa Jarak. Ndilalah nalika iku, ing pucuk Wonosalam ana uga dhaerah kang nduweni jeneng desa Jarak, saengga kadhangkala akeh wong kang bingung antarane desa ajrak ing wonosalam lan desa Jarak ing Jogoroto. Nalika iku, bangsa walanda isih njajah Indonesia lan asring nganakakeadicara kawedanan desa ing kabupaten Jombang banjur menehi putusan yen desa Jarak ing Jogoroto iki dijenengna desa jarak Kulon, ateges desa Jarak iki panggone ana ing sisih kulon.

(d) Desa Jogoroto

Wiwitane yaiku ing jaman Majapahit, dhaerah iki minangka dhaerah kang paling cendhek tinimbang dhaerah liyane. Dhaerah iki uga ana ing sapinggaire kali gedhe kang merang dadi loro dhaerah iki. Miturut katrangane wong ing jaman semana, ing dhaerah iki isih sithik kang manggoni amarga asring dadi langganane banjir saben mangsa rendheng. Banjur ing dhaerah kang paling dhuwur dibangun dam tradisional. Tanggul digawe saka bahan pring, wit klapa, lan uga watu-watu gedhe. Tujuwane supaya bisa njaga banyune ora nganti kutah ing papan panggonane para warga nalikane lagi mangsa rendheng, dadi banjir isa diminimalisir.

Banjur dhaerah kang dibangun tanggul iki mau minangka panggon kang paling dhuwur lan luwih dhisik nduweni tanggul, banjur karo wargane sepakat diwenehi jeneng Bendungrejo utawa dhusun Bendungrejo kang ateges dhaerah kang dibendhung utawa ditanggul supaya ora kena banjir. Sawise iku, dhaerah sangisore Bendungrejo uga ana kang asring langganane banjir. Banjur warga sangisore Bendungrejo iku uga mbangun tanggul-tanggul tradisional supaya ora mbanjiri dhaerahe. Para wargane padha gotong royong njaga supaya tanggule luwih kuwat lan ora jebol. Banjur dhaerah kasebut disarujuki bakal dijenengna dhusun Jakung saka tembung “njakung” kang nduweni teges “njaga”. Mudhun maneh sangisore Jakung, minangka dhaerah kang uga asring dadi langganane banjir, wargane nuthugake anggone mbangun tanggul kang wus sinambung saka dhaerah ing ndhuwure iku, banjur sawise dibangun tanggul maneh, warga luwih ngati-ati anggone njaga lan rata oleh najaga saben pinggir kali ing mangsa rendheng. Amarga anane lelakon jaga kang saya tumata lan rata iki, banjur dhaerah kang durung ana jenenge iki

diarani dhusun Jogoroto kang asale saka tembung “jaga” lan “rata”.

(e) Desa Mayangan

Crita asal-usul desa Mayangan minangka crita kang nduweni gayutan raket antarane nilai budaya manungsa sesambungan karo masyarakat. Adhedhasar kutipan kasebut, desa Mayangan asale saka dhaerah kang nduweni sesepuh sugih sing lagi ngundhuh mantu ing jaman biyen. Temanten lanang numpak dhokar rinengga kembang mayang akeh lan apik. Warga ora tau ngerti ye ana kembang mayang kang apik, wangi tur aeh banget iku sadurunge. Temanten lanang mudhun saka dhokare lan munggah ana ing kwade. Dhokar kang wis ora dipanggoni mau banjur dirubungi warga sing padha kepengin nduweni kembang mayang apik iku. Kabeh warga padha royokan nganti jejel riyel uyel-uyelan. Kedadeyan kasebut marakake reja lan kawentare dhaerah kasebut. Amarga kedadeyan kasebut para sesepuh sarujuk njenengake dhaerah iku dadi desa Mayangan.

(f) Desa Ngumpul

Desa Ngumpul iki nduweni asal-usul. Critane saka anane dhaerah kang durung nduweni jeneng, banjur ana kedadeyan kang ndadekake warga pungkasane nglumpuk dadi siji saperlu mertamba marang Mbah Driyo minangka wong kang mbabat alas. Warga saka dhaerah njero lan sak njaba padha teka mertamba la nyinau agama marang Mbah Driyo. Kedadeyan kasebut ndadekake reja dhaerah kasebut. Mula saka iku Mbah Driyo nduweni panemu njenengake dhaerah kasebut dadi desa Ngumpul. Tembung Ngumpul iku asale saka basa jawa “nglumpuk” utawa kumpulkumpul miturut logate wong dhaerah kasebut.

(g) Desa Sambirejo

Crita ngenani asal-usul utawa babad alas desa Sambirejo iki mung dipikolehi nganti samene wae amarga warga kang mangerten iki senajan akeh, nanging ora jangkep crita kang dimangerten iku saka para sepuhe biyen. Saka kutipan crita asal-usul jeneng desa Sambirejo ing dhuwur, bisa dimangerten iku ta desa Sambirejo nduweni fungsi minangka sistem proyeksi tumrap masyarakat ing dina tembe, ing jaman modern kaya saiki. Saka anane wit Sambi gedhe kang didadekake kramat dening warga nalika jaman semana, mula dadi pangeling nganti saiki yen asal-usul jeneng desa kasebut ana asl-usule yaiku amarga anane wit sambi gedhe kang reja diparani wong akeh. Nganti saiki wit sambi kasebut wis ora ana amarga wis ditebang saperlu pembangunan desa kang dikarepake dening pamrentah pusat, mula generasi muda ora bisa mangerten iku maneh apa wae kag dadi tinggalane pembabad alas ing desa iki.

(h) Desa Sawiji

Mula bukane desa Sawiji yaiku, saka Desa Beji lan Dusun Sawi. Wiwitane dhaerah iki ditemokake dening sawijine pawongan lanang kang asma Mbah Jek. Kedadeyané wis kelakon pirang-pirang puluh taun kapungkur. Ora ana kang mangertení saka ngerti asale Mbah Jek lan sapa kang menehi jeneng desa iki dadi desa Beji. Lelakone Mbah Jek amung mbukak lan mbabat alas iki. Jeneng desa Beji digunakake wiwit lurah sing kapisan nganti lurah kang nglungguhi jabatan taun 1963. Ing desa Beji ana salah sawijine dhusun Sawi kang paling amba dhewe tinimbang dhusun liyane saengga kadhangkala akeh wong ngarani yen dhusun Sawi iku jeneng liya saka desa Beji. Banjur nalikane desa nduweni lurah kapapat, kang nalika iku diayahi dening Soeradji, ing taun sewu sangang atus suwidak lima desa Beji diganti dadi Sawiji kang nduweni teges “sawi” lan “beji”, uga bisa ditegesi “ndadekake siji lan manunggal”.

(i) Desa Sumbermulyo

Cerita ngenani asal-usul desa Sumbermulya, dhek jaman biyen, sing mbabat alas ing dhaerah kene yaiku Ki Genthó lan Ki Jambul. Kekarone iku asale saka dhaerah Sidayu Gresik. Sakloron ikusing mbuka dhaerah iku nganti bis adipanggoni wong akeh. Desa Sumbermulyo iki ing wiwitane nduweni aran Desa Sumbersapon. Wiwitane biyen, ing dhaerah kene ana akeh sumber banyu kang mili banter yaiku, mula ing mangsa rendheng mesthi akeh panggon kang banjir ing kene. Mulane kabeh sumber-sumber banyu iku disumpeti nganggo sapu duk ben ora mbanjiri dhaerah kene maneh. Amarga disumpeti nganggo sapu duk iki mau banjur karo warga desa, dhaerahe dijenengna Sumbersapon sing asale saka tembung “sumber” lan “sapu”. Ing desa iki dhek biyen ana desa-desa liyane kang nduweni lurah seja. Dhaerahe yaiku, Sumberdara, Sumberpeking, Semandhing, Sumbersalak, Sumburbuntung, lan Sumberbudhug. Amarga akehe desa ing panggon kang ora amba iki, banjur desane diklumpukna, didaekna sadesa melu jeneng Desa Sumbersapon amarga dhaerahe sing paling amba. Kedadeyané iku antarane taun sewu sangang atus rolikur. Banjur nalika jaman lurah Masduki kira-kira taun pitung puluhan, jeneng desane diganti jeneng Sumbermulyo supaya wong kang manggon ing desa iki bisa mulya uripe.

(i) Desa Alang-alang Caruban

Mula bukane Desa Alang-alang Caruban dumadi sadurunge taun patang puluh lima, sadurunge negara Indonesia merdeka. Nalika iku desa ing Alang-alang Caruban nduweni rong klompok desa. Sing sepisan desa Caruban lan Pengalangan kang nduweni lurah siji, kang kapindho Karangrejo lan Karangrempon kang nduweni

lurah seja maneh. Pilihan lurah nalika jaman semana dianakake kaping pindho amarga anggepanne warga nalika iku dhaerahe kalebu seja senajan sejatiné dadi siji. Mula dening pihak kadipaten, sistim pamilihane didadekake siji saka perwakilan saben klompok desa. Desa Caruban dilambangake nganggo kembang pari, banju klompok desa Karangrejo lan Karangrempon dilambangake kembang klapa. Istilahe nalika iku diarani diblengketake. Mengko para warga amung milih kembang ngendi, banjur yen salah siji kembang kang menang, mula perwakilan saka klompok desa kang kembange menang sing bisa dadi lurahe. Jebul sing mesthi menang nganti patang wektu pilihan lurah, mesthi dimenangake saka klompok desa Pengalangan lan Caruban. Banjur ing pilihan sawise, pihak desa ndadekake siji desa Pengalangan, Caruban, Karangrejo, lan Karangrempon dadi jeneng desa Pengalangan amarga desa Pengalangan minangka desa kang paling amba. Nalika wis kelakon dadi pirang-pirang taun maneh, desa Pengalangan diganti jeneng maneh dadi Alang-alang Caruban.

(3) Struktur Crita

Analisis struktur crita sajrone paliten iki nggunakake teori struktur Maranda. Andharan struktur Maranda diayahi kanthi cara nganalisis dhata kang nduweni gayutan karo prekara-prekara utawa unsur-unsur ing crita. Anggone nliti lan nintingi struktur crita yaiku nggunakake tetembungan terem lan fungsi. Terem nggunakake tandha utawa simbol a, b, c, d, e, lan sapanunggale. Dene fungsi nggunakake tandha utawa simbol x, y, z. Anggone nggunakake tandha : lan :: sajrone analisis yaiku kanggo nuduhake sesambungan sebab-akibat. Dene rumus kang digunakake yaiku

(a)x : (b) :: (y)a-1

Ana ing ingisor iki bakal diandharake tuladha limang desa kang critane wis ditliti nganggo teori struktur naratif. Andharan struktur crita ana ing ngisor iki:

(a) Struktur Crita Asal-usul Jeneng Desa Tambar

Kodhe khusus N: Crita asal-usul jeneng desa Tambar

Alur crita kasebut bisa digambarake ing sawijining wujud formula kaya mangkene: $N = (a, a_1)x, x_1, x_2 : (b)y :: (a_2)x : (b)x :: (b)x : (a_2)x_3 :: (b)x_3 : (c)y_3, y_4 :: (a_1)y_2 : (c)z :: (a)z_1$

Adhedhasar formula kasebut, bisa dijlentrehake kanthi mangkene:

Rikala jaman semana ada desa Matamu kang wargane nduweni wateg emosi, padu, lan seneng pamer

kapinteran. Ing sawijining dina ana pangumbara kang takon marang salah siji warga desa Matamu nanging emosi amarga diwangsuli kanthi kasar. Banjur dheweke padu lan kepati dening salah siji warga desa Matamu. Sabanjure iku dumadakan ana pawongan nganggo jubah putih kang teka banjur nuturi lan ndadekake warga desa Matamu sadhar, sawise kuwi, desa kasebut diowahi jenenge dadi desa Tambar.

(b) Struktur Crita Asal-usul Desa Janti

Kodhe khusus N: Crita asal-usul jeneng desa Janti. Alur crita kasebut bisa digambarake ing sawijining wujud formula kaya mangkene: $N = (a)x, x_1 : (a)y :: (a)y_1 : (c)y_1 :: (b)y_2$
Adhedhasar formula kasebut crita asal-usul jeneng desa Janti bisa diandharake kaya mangkene:

Ing sawijining dina ana patih saka Majapahit kang nama Lokayanti utawa Mbah Yanti kang lagi mbabat alas angoleki papan panggonan kanggo tupa brata. Dheweke banjur nemokake panggonan lan arep ndadekake panggonan kasebut dadi kampung kang bisa dipanggoni lan karo dheweke dijenengna Desa Yanti. Sabanjure iku ing pirang taun sawise, dening lurah anyar.

(c) Struktur Crita Asal-usul Jeneng Desa Jarak Kulon

Kodhe khusus N: Crita asal-usul jeneng desa Jarak Kulon. Alur crita kasebut bisa digambarake ing sawijining wujud formula kaya mangkene: $N = (a,a_1)x : (a,a_1)x_1 :: (a,a_1)x_2 : (a_1)y :: (b) : (c)y_1 :: (d)z$
Adhedhasar formula kasebut crita asal-usul jeneng desa Jarak Kulon bisa diandharake kaya mangkene:

Ing sawijining dina ana kakang adhi kang lagi ngumbara bebarengan lan angoleki alas kang bisa diadekake panggon permukiman. Sakloron nemokake alas banjur merang garapan. Kakange ing sisih kulon banjur adhine ing sisih wetan. Adhine nemokake alas kang akeh wit jarake banjur dijenengna desa Jarak. Dening bupati anyar jenenge diganti Jarak Kulon supaya bisa dibedakake antarane desa Jarak ing kecamatan Jogoroto lan ing kecamatan Wonosalam.

(d) Struktur Crita Asal-usul Jeneng Desa Jogoroto

Kodhe khusus N: Crita asal-usul jeneng desa Jogoroto
Alur crita kasebut bisa digambarake ing sawijining wujud formula kaya mangkene: $N = (a)x : (b)x :: (c)x_1, x_2 : (b)x_3 :: (c)y$
Adhedhasar formula kasebut crita asal-usul jeneng desa Jogoroto bisa diandharake kaya mangkene:

Dhek jaman biyen ana sawijining dhaerah kang cendhek lan panggone ana ing pinggir kali. Saben wayah

rendheng dhaera kasebut kerep disambangi banjir. Karo wargane dhaerah kasebut banjur digawekake tanggul supaya ora banjir. Tanggul kasebut banjur dijaga bebarengan kanthi rata supaya ora jebol lan bajir maneh. Mula saka iku warga sarujuk dhaerah kasebu dijenengna Jogoroto.

(e) Struktur Crita Asal-usul Jeneng Desa Mayangan

Kodhe khusus N: Crita asal-usul jeneng desa Mayangan

Alur crita kasebut bisa digambarake ing sawijining wujud formula kaya mangkene: $N = (a)x : (b,e)x_1 :: (c)x_1 : (d)x_1 :: (c)x_2 : (d)x_2 :: (d)y$

Adhedhasar formula kasebut crita asal-usul jeneng desa Mayangan bisa diandharake kaya mangkene:

Dhek jaman biyen ana sawijining sesepuh lokal kang sugih banget nganakakeadicara ngundhuh mantu. Acarane reja banget. Temanten priya teka nganggo kreta kang kebak kembang mayang akeh tur apik banget. Para warga kabeh jejal riyel tumpleg bleg melu nonton acara iki. Para sesepuh liya uga melu guyub ingadicara mantu iki. Nalika mantan priya mudhun saka kreta, banuur para warga pada royanan kembang mayang kang nemplek ana ing kreta. Para sesepuh banjur menehi jeneng desa kasebut dadi desa Mayangan.

4. Fungsi Legendha ing Kecamatan Jogoroto Kabupaten Jombang

Sastraa lisan tuwuh lan ngrembaka sajrone bebrayan Jawa. Sastra jawa minangka salah siji perangan *integral* utuh saka kabudayan masyarakat. Amarga tuwuh lan ngrembakane ing pola uripe masyarakat, mula saka iku sastra lisan nduweni fungsi.

Semono uga crita asal-usul jeneng desa kang ana ing Kecamatan Jogoroto Kabupaten Jombang iki, sajrone panliten iki, crita asal-usul jeneng desa ing kene nduweni fungsi cacah woluh kaya kang diandharake Hutomo (1) Minangka sistem proyeksi; (2) Minangka pangesahan kabudayan, tuladhane, crita asal-usul tembung “babah”; (3) Minangka piranti kang meksa tuwuh anane norma sosial lan alat kontrol sosial, kaya dene paribasan, (4) Minangka alat pendhidhikan anak, kayata crita kewan, (5) Kanggo dadi sawijining dalan kang dadi bebener tumrap bebrayan agung supaya dheweke bisa luwh *superior* tinimbang wong liya, kayata ing *teka-teki*, (6) Minangka dalan tumrap sawijining wong kang diwenehake marang masyarakat supaya dheweke bisa ngenyek wong liya, tuladhane paribasan lan parikan kang isine ngandhut pasemon; (7) Minangka piranti protes

anane samubarang utawa kahanan kang ora adil ing satengahe masyarakat; (8) minangka panylimur saka aboting urip padinan, lan uga minangka panglipur.

Crita asal-usul jeneng desa ing kecamatan Jogoroto kabupaten Jombang kang nduweni fungsi kaya kasebut ing ndhuwur bakal diandharake kaya mangkene:

(a) Minangka Sistem Proyeksi

Crita asal-usul jeneng desa kang ana ing Kecamatan Jogoroto Kabupaten Jombang iki nduweni salah siji fungsi yaiku minangka sistem proyeksi. Tegese yaiku minangka samubarang kang bisa nyebabake sawijine kahanan utawa samubarang dadi punjer utawa cikal bakal dumadine panggonan kang isih diugemi dening wong akeh ing dina tembe. Sistem proyeksi dhewe nduweni karep minangka pangarep-arep tumrap prekara becik kang didadekake jeneng ing desane. Ana ing crita asal-usul jeneng desa Kecamatan Jogoroto iki, akeh ngandharake crita kang kedaden ing rikala jaman semana kang dipitayani anane pangarep lan sistem proyeksi minangka piweling dening masyarakat nganti saiki lan ing dina tembe, ing antarane yaiku:

(a1) Desa Jogoroto

Crita asal-usul desa Jogoroto nyaritakake babagan masyarakat kang guyub rukun nggawe tanggul ing sapingga kali supaya ora amber lan banjir nalika mangsa rendheng. Sawise tanggul dibangun, masyarakat padha bebarengan gotong royong geganten anggone njaga tanggul supaya ora jebol. Kedadeyan iki ndadekake budaya gotong royong kang isih diugemi dening masyarakat desa kasebut nganti saiki.

Adhedhasar crita kang wis ana, sistem proyeksi yaiku ngenani anane pangeling kanggo masyarakat ing dina tembe, kang dikarepake yaiku, desa Jogoroto iki biyen wiwitane yaiku dhaerah kang ditanggul lan dijaga kanthi rata banjur dijenengake desa Jogoroto kanggo piweling lan mratandhani ngenani anane kedadeyan ing jaman biyen. Kanggo nduduhake para genreasi sawise yen ing desa kene biyen ana kedadeyan kaya apa kang wis diandharake ing ndhuwur kasebut supaya warga ing generasi sateruse bisa njaga alam sakupenge.sistem proyeksi iki uga ngandhut pangarep supaya apa kag wis dilakoni sesepuh ing jaman biyen arupa njaga kanthi rata bisa diwujudake nganti saiki, ora mung njaga tanggul nanging uga reraketan lan paseduluran kang utuh ing desa Jogoroto.

(b) Minangka Srana Pendhidhikan tumrap Anak

Crita asal-usul jeneng desa kang ana ing Kecamatan Jogoroto Kabupaten Jombang uga nduweni fungsi minangka srana pendhidhikan tumrap anak. Srana

pendhidhikan tumrap anak ing kene karepe yaiku minangka piwulang kanggo bocah cilik ngenani dhasar ilmu budi pekerti, tepa slira, tepa slira, sopan santun, lan uga karukunan. Apa kang wis diandharake ngenai srana pendhidhikan kasebut, ditemokake aa rong crita sajrone sakabehe asal-usul desa ing kecamatan Jogoroto iki tuladhané kaya kang ana ing asal-usul crita jeneng desa ing ngisor iki:

(b1) Desa Tambar

Crita asal-usul desa Tambar nyaritakake babagan wigati anggone njaga tata laku lan sopan santun. Njaga tata laku iki tujuwane supaya ora marakake rugi awake dhewe lan uga wong liya.

Adhedhasar crita kang ws ana, dicritakake anane wong kang nduweni wateg ala. Kabeh wong ing Desa kang wiwitane nduweni jeneng matamu kasebut tata lakune kasar lan ala, ora bisa akur, yen ana perkara ora tau dileremake kanthi alus, nanging nggunakake cara kasar. Banjur ing sawijining desa ana pawongan minangka pangumbara kang teka saperlu arep takon apik-apik, banjur wong kasbeut lara atine amarga dijawab kanthi kasar. Ing kene diduduhake ngenani wigatine nduweni tata krama, tata laku becik, lan nduweni sikap ngregani wong liya supaya wong liya rumangsa kepenak atine lan seneng awor bareng awake dhewe minangka makhluk sosial kang ora bisa urip dhewe lan urip adoh saka manungsa liyane. Crita iki yen dicritakake marang bocah cilik kanthi cara *persuasif* bakal narik kawigati lan klebu ing pikiran bocah cilik kasebut minangka pasinaon kang bakal diugemi dheweke nganti dina tembe.

(5) Nilai Budaya

Masyarakat Jawa minangka masyarakat Jawa kang isih nduweni lan ngugemi lelakon-lelakon tradhisional kang raket sesambungane tumrap nilai-nilai budaya masyarakat. Nilai budaya minangka perangan paling *abstrak* lan amba cakupane. Ing perangan iki ide-ide dikonsepsi ing saperangan bab kang diarani paling *prestisius* utawa nduweni nilai paling dhuwur ing satengahing urip bebrayan.

Nilai-nilai budaya kasebut kanthi ora sngaja tuwuhaning satengahing masyarakat lan ilai-nilai kasebut didadekake minangka panutan kang tumurun, saengga diarani minangka samubarang kang banget guna lan kalungguhane.

Mula saka iku nilai budaya diarani lan dipitayani masyarakat minangka pedhoman utawa pathokan kang paling dhuwur kalungguhane tumrap lelakon manungsa utawa kang lumrahe diarani hukum ing masyarakat. Nganu perangan sistem nilai kabudayan Djamaris, diandharake ana limang perangan yaiku (1) nilai budaya

gegayutan antarane manungsa karo Gustine; (2) nilai budaya gegayutan antarane manungsa karo jagad; (3) nilai budaya gegayutan antarane manungsa karo manungsa liyane utawa minangka makhluk *sosial*; (4) nilai budaya gegayutane manungsa karo masyarakat; (5) nilai budaya gegayutan antarane manungsa karo awake dhewe kayata kahanan uripe individhu.

Nilai budaya kasebut uga bisa dititi lan ditemokake sajrone crita asal-usul desa ing Kecamatan Jogoroto Kabupaten Jombang. Ing ngisor iki diandharake ngenani nilai-nilai budaya kasebut banjur diwenehi kutipan saka saben poin nilai budaya kasebut.

(a) Nilai Budaya Gegayutan Antarane Manungsa Karo Gustine

Saben wong urip mesthi mbutuhake kabutuhan rohani kang disadharti lan ora. Yen sadurunge ngenal agama, manungsa kanthi naluriah wis bisa ngrumangsani kabutuwane lan kuwajibane tumrap dhiri marang sapa Kang Akarya Jagad. Ing kene diwujudake budaya lan lelakon lumrah anane manungsa kang manembah marang Pangripta. Ana ing rikala jaman semana, manungsa kang durung kenal agama, wis bisa tapa brata ngrumangsani yen dheweke ana ing donya ora mara teka nanging ana Zat kang ngripta sakabehe ing donya, ana wong kang ngeramatake sawijining barang utawa papan panggonan kang dianggep minangka samubarang kang bisa paring rejeki, lan uga ana kang wis ngenal agama banjur digiyarake supaya wong liya ora kliru anggone manembah. Andharan kasebut bisa dideleng ing kutipan-kutipan ngisor iki:

(a1) Desa Ngumpul.

Adhedhasar crita kang wis ana, dicritakake anane pawongan minangka pangumbara kang pinter agama Islam nduweni karep mbabat alas lan nggiyarake agama ing dhaerah babatane kasebut supaya akeh kang ora kliru anggone manembah mring Pangripta., dimangertenien yen wiwit biyen manungsa panceun wis nduweni rasa butuh marang gustine. Rasa kasebut murni tuwuhan amarga manungsa rumangsa uripe iku ana kang ngripta, ora sukur teka lan bisa kasedyan sembarang-barang ing ngarepe. Prelu anane wong utawa medhia kang bisa mbiyantu lan ngewangi angoone mangertenien luwih jeru lan bisa cedhak marang Pangripta. Ing legendha desa Ngumpul iki dicritakake ngenani anane pawongan minangka medhia kang teka ing dhaerah iki saperlu nggiyarake agama kang ana gayutane langsung marang Gusti Kang Murbeng Dumadi minangka kabutuwane manungsa. Saka crita legendha iki bisa dimangertenien yen kabutuwuan sesambungan antarane manungsa lan Gustine ora mung winates ing kabutuwuan, nanging uga wis bisa dadi

budaya. Budaya padha ngelingake kanggo sembahyang ing dina tembe, tuladhane.

(b) Nilai Budaya Gegayutan Antarane Manungsa Karo Jagad

Urip ing donya iki mesthi muspra yen ora tau nggatekake anane sumbering urip kanggo njaga anane *eksistensi* manungsa. Mula manungsa mesthi nggantungake uripe marang alam sakupenge. Senajan ngono, manungsa kudu tetepli njaga kasalarasan antarane uripe dhewe lan uripe utawa eksistensi alam sakupenge utawa donya pannggone urip supaya bisa terus kawujud kasalarasan kanggo nerusake urip. Ing kene diwujudake kathi pamenehan jeneng nganggo jeneng tanduran kang akeh tuwuhan ing dhaerah kasebut utawa barang kang asale saka alam ing dhaerah kang dibabat alase.

(b1) Desa Jarak Kulon.

Ana ing crita asal-usul desa iki dicritakake anane dhaerah kang asale alas lan akeh taduran jarak. Banjur dening pembabat alase dhaerah kasebut dijenenga jarak supaya ngelingake marang warga ing dina tembe yen rikala jaman semana ing dhaerah kasebut asale minangka alas jarak.

Adhedhasar crita kang wis ana, dicritakake ngenami anane manungsa kang urip ing donya lan nduweni tetalen karo kahanan alam skupenge, manungsa ngrumangsani anane kahanan alam kang seje tinimbang kahanan alam liyane, banjur dheweke urip ana ing kono, lan kango ngelingi yen dheweke urip dhedhampingan ing kono, mula manungsane menehi panggon ing dhaerah kasebut padha karo apa kang ana ing panggon kasebut, kayata Desa Jarak kulon iki dijenengna amarga anane alas kang kebak wit Jarak ing salah sawijine dhaerah ing kene.

(c) Nilai Budaya Gegayutan Antarane Manungsa Karo Manungsa Liyane

Nilai budaya gegayutan antarane manungsa karo manungsa liyane utawa minangka makhluk *sosial*, antarane yaiku ngenani tata lakune manungsa marang manungsa liyane kayata, kasopanane, kasetyane, kajujurane, lan kawicaksanane arupa seneng tinulung lan adil kang diduweni dening manungsa marang manungsa liyane. Tegese ing kene yaiku anane sesambungan manungsa siji lan sijine ing kabeh urusan, lan kepriye becik lan alane. Sajrone legendha asal-usul jeneng desa ing Kecamatan Jogoroto Kabupaten Jombang iki uga nduweni nilai-nilai budaya kang nduweni gegayutan antrane manungsa siji karo manungsa liyane. Ana saperangan crita kang ngandhut nilai kasebut, mula bakal diandharake ing kene kanthi pawenehan kutipan ing ngisor iki:

(c1) Desa Tambar

Ana ing crita asal-usul desa iki dimangerti anane sesambungan antarane manungsa siji lan liyane kang ala. Ing dhaerah iki dicritakake antarane manungsa siji lan sijine ing desa kasebut kabutuh ora bisa ngegani marang sapadha, nganti kedadeyan ana pangumbara kang takon marang salah siji warga, banjur disauri kanthi kasar, sawise kedadeyan kasebut, sakloron adu kakuwatan lan nyebabake salah siji kepati. Amarga anane kedadeyan kasebut, jebul ana pawongan kang misterius teka lan ndadekake warga sadesa sadhar marang apa kang wis dadi tata lakune lan sipate. Ing crita kasebut diduduhake kepriye manungsa anggone nglakoni komunikasi kanthi ala lan nyebabake cilaka marang sakabehe. Banjur ana panengah kang menehi pirsa babagan kepriye becike cecaturan lan tata krama marang wong liya supaya urip tetep bisa rukun lan tentrem tanpa anane padu lan cilaka. Wong misterius kang mara-mara teka iki minangka simbol anane tata laku lan sikap manungsa kang prayoga, seneng tinulung, wicaksana, lan adil. Anane jeneng desa Tambar iki minangka tandha yen ing jaman biyen ana kedadeyan iki, lan uga ngelingake marang wargane supaya ing dina tembe tetep bisa njaga tata laku lan kasopanane supaya uripe ing desa Tambar tetep tansah rukun, ayem, lan tentrem.

(6) Panemu Masyarakat Tumrap Crita Asal-Usul Jeneng Desa

Panemune masyarakat tumrap asal-usul jeneng desa ing Kecamatan Jogoroto Kabupaten Jombang iki mligine nliti babagan panemune pamaos lan uga masyarakat ngenani crita asal-usul jeneng desa ing Kecamatan Jogoroto Kabupaten Jombang. Ing kene apa kang dadi pamawas lan panemune para pamaos lan utamane masyarakat kang manggon ing saben desa kang didadekake bahan panliten iki yaiku punjering pikiran.

Ana ing andharan babagan panemune masyarakat iki diterangake ngenani asiling wawancara kanthi kuesioner kang wis diayahi sadurunge tumrap warga Kecamatan. Ing ngisor iki diandharake tabel asiling wawancara kuesioner saben golongan umur, lan kutipan pamawas saka perwakilan saben golongan umur kasebut. Urut-urutane umur saben responden yaiku: 25 wong umur 12-17 taun, 25 wong golongan umur kapindho yaiku umur 17-25 tau, 25 wong golongan umur 25-40 taun, lan 25 wong golongan umur 40 taun sapunjule. Cacahe responden ana 100 wong. Dhata ngenani panemune masyarakat tumrap crita asal-usul desa dijupuk nganggo rong cara yaiku wawancara kanhi ngisi angket kuesioner kanthi wangslulan poin lan wangslulan kanthi ukara lan panemune. Ana ing tabel kasebut uga bakal

dijelentrehake pitakonan kang digunakake nalika wawancara.

(a) Panemune Responden Golongan Umur 12-17 Taun

Ana ing kene arep diandharake ngenani dhata asiling wawancara kanthi kuesioner saka responden ing golongan umur 12-17 taun. Dipilih golongan umur 12 nagnti 17 taun yaiku kango nduduhake yen responden kang diwawancarai yaiku pendhuduk kang isih sekolah.

Adhedhasar dhata kuesioner golongan umur 12-17 taun, dimangerten yen pendhuduk ing golongan usia kasebut panemune ngenani sasra lisan crita asal-usul desa ing kecamatan Jogoroto kasebut kurang. Akeh kang ora mangerten ngenani kepriye crita asal-usul desane. Saperangan cilik ana kang wis ngerti. Responden kang ing golongan umur iki biasane mangerten crita asal-usule saka simbahe. Anggone crita kanthi cara didongengi. Sabanjure iki ana kutipan panemu saka responden golongan umur 12-17 taun kang mangerten ngenani crita asal-usul desane lan rasa rumangsane tumrap eksistensi crita kasebut.

Wangsulan saka responden liyane ing golongan umur 12-17 taun akeh kang memper. Dudutan kang bisa dijupuk saka wangslulan wawancara marang responden golongan umur 12-17taun yaiku, cacah responden kang mangerten ngenani crita asal-usul desane amung sithik. Bocah kang ora mangerten ngenani crita desane iki ora tau nduweni karep dhewe kanggo mangerten lan nggoleki crita asal-usul desane. Yen panemu ngenani manfaat, isih sithik kang mangerten manfaat dimangerten crita asal-usul desane.

(b) Panemune Responden Golongan Umur 17-25 Taun

Asiling wawancara sabanjure yaiku respondhen golongan umur 17-25 taun. Ana ing golongan umur iki respondhen wis ngancik luwih diwasa lan luwih bisa cetha nalare ngenani anane panliten crita asal-usul desane.

Adhedhasar asiling wawancara golongan umur 17-25 taun kasebut, dimangerten ngenani cacah responden kang mangerten crita asal-usul desane dhewe-dhewe iku luwih akeh. Ana ing sabanjure iki kutipan ngenani wawancara sacara langsung tumrap respondhen ngenani pangertene ing crita asal-usul desane, manfaat, lan panemune tumrap eksistensi sastra lisan crita asal-usul desa.

Adhedhasar kutipan wawancara dimangerten yen saperangan pendhuduk ing golongan umur 17-25 taun iki mangerten crita asal-usul desane senajan ora jangkep. Ana saperangan respondhen kang ngandharake yen anane

panliten kasebut dikarepake ora nganti samene nanging bis adierusake, nganti bisa didadekake dokumentasi permanen minangka aset budaya lokal. Responden ing golongan umur iki uga akeh luwih akeh kang nduweni panemu apik ngenani eksistensi crita asal-usul desane. Dudutan saka asiling wawancara kuesioner golongan umur 17-25 taun iki yaiku respondhen luwih akeh kang mangerteni crita asal-usul desane nanging ora jangkep. Responden ing golongan umur iki akeh uga kang pengin luwih mangerteni minangka sejarah lokal kang kudu dijaga. Nanging antarane krenteg usaha kanggo njaga lan ngupaya kanggo nglumpukake crita asal-usul desa ing jecamatan Jogoroto.

(c) Panemune Responden Golongan Umur 25-40 Taun

Ana ing kene diandharake panemune para responden ing golongan umur 25 nganti 40 taun. Golongan umur iki minangka golongan umur wis ngancik diwasa. Responden ing golongan umur iki rata-rata wis padha kerja lan wis nduwe pamikiran luwih cetha babagan kalungguhane budaya lokal, utamane sastra lisan ngenani crita asal-usul desane. Wangsulan saka para responden ing golongan umur iki luwih akeh kang nuduhake panemu *positif* utawa nyengkuyung anane panliten iki lan isih ngugemi apa kang dadi kapitayane warga desane tumrap sesepuhe.

Adhedhasar dhata wawancara kuesioner miturut golongan umur 25 nganti 40 taun kasebut dimangertenipanemune para responden kang wis ngancik umur dhuwur iki luwih *positif* lan luwih nyengkuyung anane panliten iki. Wong kang mangerteni crita asal-usul desane iki ngerti saka para wong tuwa lan mbahe. Ana uga kang wis mangerteni saka tangane. Ana saperangan responden kang uga usah anggoleki dhewe crita desane amarga kepengin mangertenipanemune.

(d) Panemune Responden Golongan Umur 40 Taun Punjur

Ana ing golongan umur iki, responden wis ngancik umur sepuh lan lansia. Ana ing kene sakabebe para responden ing umur iki kabeh nyarujuki lan nyengkuyung banget anane panliten tumrap sastra lisan crita asal-usul desa ing kecamatan Jogoroto.

Adhedhasar asiling wawancara kuesioner ing responden golongan umur 40 taun punjur kasebut, saperangan gedhe nyengkuyung banget lan katarik wigatine karo anane panliten sastra lisan iki. Akeh kang ngeman-eman yen generasi saiki akeh kang ora tanggap tumrap budaya lokale dhewe, mliline ing kene crita rakyat lokal. Mula para responden ing golongan umur iki nduweni panemu supaya ing wiwit saiki bocah-bocah

kudu disinaoni kanggo mangertenipanemune crita-cita rakyat lokal supaya bisa wutuh lan kajaga aset lokal bangsane.

Sakabebe dhata saka tabel ing dhuwur asale saka wawancara kanthi kuesioner. Dene para responden utawa kang diwawancara kanthi kuesioner yaiku para responden watara umur 12taun nganti umur 40taun mendhuwur. Anane wewatesan ing umur kasebut yaiku adhedhasar tingkat penalarane para responden. Yen bocah umur minimal rolas iku ateges wis umur ngancik bangku sekolah SMP, dadi dheweke wis bisa ngerti nalar tinimbang umur sangisore rolas taun. Anggone wawacara nggunakake basa Indonesia amrih gampang anggone responden mangsuli pitakon, amarga akeh responden kang kurang mangertenipanemune basa Jawa baku, lan uga basa Jawa kang digunakake ing kene yaiku basa Jawa dialek Jombangan kang akeh banget sejene karo basa Jawa baku.

Saka asiling wawancara tumrap responden, bisa dimangertenipanemune yen warga isih ana kang nuduhake rasa wigatine. Senajan ana saperangan warga kang rumangsa ora perlu yen sejarah desane perlu dijaga amarga mbuwag wektu lan ora ana kanggone, nanging isih ana saperangan gedhe warga kang menehi respon positip utawa pamawas becik, sarujuk, lan melu njaga eksistensine legendha desane minangka aset budaya lokal lan minangka piwulang kanggo generasi ing dina tembe.

D. PANUTUP

1. Dudutan

(1) Crita asal-usul desa ing kecamatan Jogoroto kabupaten Jombang minangka salah sawijine perangan sastra lisan lokal kang isih urip ing satengahe masyarakat ing jaman modern.

(2) Crita ngenani babad alas utawa asal-usul desa iki ish tetep ana ing saperangan warga senajan mung satistik, lan ora akeh bab kang dimangertenipanemune.

(3) Isih saperangan warga kang isih nyengkuyung lan ngugemi yen sasra lisan lokal ngenani crita asal-usul desa sakecamatan iki ngrembaka lan didadekake minangka sarana piwulang budhi pekerti.

(4) Struktur kang dianggo ngonceki crita asal-usul desa ing kene nduduhake yen saben crita nduweni alur, setting, lan paragane dhewe, mula bisa dimangertenipanemune siji-siji kepriye kahanane setting ing saben desa sing critane lagi dirembug.

(5) Ana ing crita iki bisa dimangertei kepriye lan sapa wae paraga kang nduweni karakter utawa wateg apik apik murih bisa ditiru, lan kepriye paraga kang nduweni wateg utawa karakter kang ora apik, murih bisa diindari lan ora ditiru supaya ora nggawe wong liya.

1) Legendha jeneng Desa iki nduweni fungsi Minangka sistem proyeksi kang ngandharake critane iki

dadi pangeling ing masyarakat ngenani perjuwangane sesepuh biyen nalika mbabat alas lan nglakoni pakaryan ang nyebabake desane kawujud nganti saiki.

2. Pamrayoga

Panliten ngenani asal-usul desa iki mujudake panliten babagan sastra lisan kang mbutuhake anane pamrayoga. Kairing jaman kang saya modern, akeh kabudayan Jawa kang kalindih kabudayan manca. Kanggo pangrembakuning lan eksistensi sastra lisan lokal, utamanae ing kene crita asal-usul jeneng desa ing Kecamatan Jogoroto, mbutuhake panyengkuyung saka masyarakat pangugeme supaya sastra lisan iki tansah kajaga kalunguhane ing satengahe masyarakat modern.

KAPUSTAKAN

- Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian suatu Pendekatan Praktek*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Arista, Maya Dwi. 2011. *Struktur Legenda Asal-Usul Nama Desa Yang Sama di Kabupaten Lamongan (Kajian Sastra Bandingan)*. Surabaya: Program S1 Universitas Negeri Surabaya.
- Danandjaya, James. 2002. *Folklor Indonesia Ilmu Gosip, Dongeng, dan Lain-lain*. Jakarta: Pustaka Utama Grafity.
- Endraswara, Suwardi. 2006. *Falsafah Hidup Jawa*. Yogyakarta: Cakrawala.
- _____. 2013. *Metodologi Penelitian sastra: Epistemologi, Model, Teori, dan Aplikasi*. Yogyakarta: Pustaka Widyatama.
- Greentechnomap.blogspot.com (diunduh 28 Pebruari 2013).
- Harjono, Yoharni. 1979. *Sastra Lisan Jawa..* Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Hutomo, Suripan Sadi. 1991. *Mutiara yg terlupakan: Pengantar Studi Sastra Lisan*. Surabaya: HISKI Komda Jatim.
- Koentjaraningrat. 2000. *Kebudayaan, Mentalitas dan Pembangunan*. Jakarta: gramedia Pustaka Utama.
- Maryaeni. 2005. *Metode Penelitian Budaya*. Jakarta: Bumi Aksara.
- Moleong, Lexi J. 2009. *Metodologi Penelitian Kualitatif Edisi Revisi*. Bandung: PT. Remaja.
- Rahmawati, Intyas. 2011. *Dolanan Tradisional Ing Kecamatan Dolopo Kabupaten Madiun*. Surabaya: Program S1 Universitas Negeri Surabaya.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2012. *Teori, Metode, dan teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Rinenda, Anggy Pramudia. 2010. *Cerita Asal Nama Desa Di Kecamatan Binangun Kabupaten Blitar (Kajian Struktur, Fungsi, dan Nilai Budaya)*. Surabaya: Program S1 Universitas Negeri Surabaya.
- Setiadi, Elly M, Kama Abdul Hakam, & Ridwan Effendi. 2011. *Ilmu Sosial dan Budaya Dasar*. Jakarta: Pustaka Grafika.
- Sudiarga, I Made dkk. 2000. *Nilai Budaya Dalam Geguritan Sudhamala*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.
- Sudikan, Setya Yuwana. 2001. *Metode Penelitian Budaya*. Surabaya: Unesa Unipres – Citra Wacana.
- Sunardjo, Nikmah dkk. 2000. *Struktur Karya Dan Nilai Budaya Dalam Hikayat Pak Belalang dan Lebai Malang, Hikayat Abunawas, Dan Hikayat Mahsyud Hak*. Jakarta: Pusat Bahasa.
- Tim Penulis MPK Bahasa Indonesia. 2011. *Menulis Ilmiah: Buku Ajar MPK Bahasa Indonesia*. Surabaya: Unesa University Press.
- Tim Penyusun Balai Pustaka Jakarta. 2006. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.

DHAFTAR SIMBOL/ LAMBANG

- (a): Yaiku unsur terem kapisan kang nyatakake unsur dinamik
- (b): Yaiku minangka terem kedua
- (x): Yaiku fungsi kang menehi samubarang kang khas ing terem (a)
- (y): Yaiku fungsi kang bertentangan klawan tandha x yang menehi samubarang kang khas ing terem (b) ing kemunculan sing sepisan.
- (a □¹): Yaiku tandha owahing terem dadi tandha fungsi, sing kaya mangkene bisa kedaden amarga rumus ora *linier*
- (:): Yaiku tandha kang menehi katrangan babagan sebab
- (::): Yaiku tandha kang menehi katrangan babagan akibat